

PATRIMWÀN

TIMOUN TIMOUN ESKE N KONN AYITI GENYEN ON SITADÈL?
WIIII SE SITADÈL LAFERYÈ KI NAN NÒ DAYITI!
E KİYÈS KI TE RETE NAN PALÈ SAN SOUSI?
YON EWO ENDEPANDANS KI RELE ANRI KRISTÖF!
KI KOTE PALÈ 365 PÒT LAN YE?
LI CHITA KÒ L NAN TI RIVYÈ LATIBONIT!
ESKE NOU KONN TANDE PALE DE NÈG MAWON?
WI, SE LI KI SOU CHANNMAS LAN ANFAS PALÈ NASYONAL!

SA YO YE SA YO YE.
SE ERITAJ LISTWA NOU.
SE SENBÒL FYÈTE NOU.
SE PATRIMWÀN LAKAY NOU
KE N DWE PROTEJE KOUT KE KOUT.
ANPIL NAN FRÈ AK SÈ NOU
TE EDE POU BATI YO.
SE MONIMAN ISTORIK,
FÒK NOU APRANN KONNEN YO.

TIMOUN ANKÒ
ESKE N KONNEN KÈK MIZE ANN AYITI?

WII GEN MIZE NASYONAL AK MIZE OGIER FOMBRUN.
ME: ESKE N KONNEN KI PI GWO GWÒT KI GEN ANN AYITI?
GWÒT MARIJAN KI NAN PÒTAPIMAN!
MWEN: E MACHE AN FÈ KİYÈS KI TE BATI L?
PREZIDAN HYPOLITE, YO RELE L MACHE IPOLIT
ESKE NOU KONNEN NAN KI ANE L BATI?
TIMOUN: WIIII SE TE NAN LANE 1891!

MEN KÒK YO AP CHANTE.
SOLÈY GEN TAN LEVE.
SE JOU AN KI RIVE POU M AL VWAYAJE.
MEN AVAN MWEN ALE,
FÒ M PASE KOT RICHA.
KÒM LI RETE TOU PRE, MWEN MACHE
POU MWEN ALE KOTE L
WI TI PYE! KLAP! KLAP!
MENNENM ALE KLAP! x3
MÈSI MÈSI TI PYE,
OU TE TRANSPÒTE MWEN AN BYEN!

LÈ M RIVE KAY RICHA,
RICHA POTKO LEVE.
NOU AP FÈ PRESE AVAN SOLÈY LAN KOUCHE.
GEN LÒT KOTE POU N PASE.
FÒ N PASE KAY LOUZÈT.
POU NOU FÈ PI RAPID,
N OBLIJE ALE A BISIKLÈT
BISIKLÈT KLING ! KLING!
MENNEN N ALE KLING KLING x3
TI PYE, TI BISIKLÈT
MÈSI ! OU TE TRANSPÒTE MWEN AN BYEN

NOU RIVE KAY LOUZÈT.
NOU JWENN FIG BANNANN,
AK MANDARIN
EPI BON KANN KALE.
N AP CHANTE, N AP DANSE.
KOUNYA N PRAL KAY LOULOU.
N PRAN DIREKSYON ESTASYON
POU NOU KA PRAN ON TAPTAP.
MÈSI POU TRANSPÒ A!

SA YO YE SA YO YE.
SE ERITAJ LISTWA NOU.
SE SENBÒL FYÈTE NOU.
SE PATRIMWÀN LAKAY NOU,
KE N DWE PROTEJE KOUT KE KOUT.
ANPIL NAN FRÈ AK SÈ NOU
TE EDE POU BATI YO.
SE MONIMAN ISTORIK,
FÒK NOU APRANN KONNEN YO

(NOU GEN)
LASITADÈL , PALÈ SAN SOUSI,
(EPI)
MACHE IPOLIT, NÈG MAWON
(KONTINYE)
MIZE NASYONAL, MIZE OGIER FOMBRUM
(MMHMM)
GWÒT MARIJAN, LAK AZWEYI
(ENSWIT)

LABADI, PIK MAKAYA
SA YO YE?
SENBÒL FYÈTE NOU,
PATRIMWÀN LAKAY NOU

TRANSPÒ

TI TAPTAP VWOUM VWOUM
MENNEN N ALE VWOUM VWOUM x3
TI PYE, TI BISIKLÈT. TI TAPTAP
SOLÈY LAN AP SOURU
KÈ N KONTAN N'AP REJWI

TI TAPTAP AP KOURI,
N AP KONTANPLE LANATI.
FÒ N RIVE KOT TOTO.
LI RET SOU ON ZILE
E SE KONSAN NOU TOU PRAN ON BATO.
TI BATO ZOOM ZOOM
MENNEN N ALE ZOOM ZOOM x3
TI PYE, TI BISIKLÈT,
TI TAPTAP , TI BATO,
MÈSI POU TRANSPÒ A!

NOU BWÈ DLO KOKOYE
NOU BENYEN NAN LANMÈ.
DÈNYE KOTE N PRALE,
SE KAY ZANMI NOU ALEN,
MEN LÈ AN APE MACHE
FÒ N ALE POU N TOUNEN.
KONSAN N WÈ ON AYEWOOPÒ,
NOU PRAN ON AVYON POU N AL KOT ALEN.
TI AVYON VOUM VOUM
MENNEN N ALE VOUM VOUM x3
PYE N, BISIKLÈT, TAPTAP, BATO, AVYON,
MÈSI POU TRANSPÒ AN